



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

**Nimewo:** C-37

**Sibjè:** CHWA SIPÈENTANDAN KOMINOTÈ

**Kategori:** PÈSONÈL

**Pibliye:** 1ye out 2019

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation*(CR) No. C-37 ki gen dat 21 septanm 2018.

#### Chanjman:

- Pwosedè ki gen rapò avèk chita pale avèk paran ak manm estaf apre yo fin fè entèvyou kandida yo mete yo ajou pou koresponn ak chanjman lwa Eta a ki egzije chita pale a gen ladann yon opòtinite pou rankontre avèk kandida final yo pwopoze a oswa kandida yo konsidere pou nominasyon an epi bay Chanselye a fidbak anvan anyo pran randevou an.
- Yo mete ajou enfòmasyon sou jan pou kontakte nou nan fen regleman an.
- Enfòmasyon ki nan nòt referans yo, yo deplase yo pou mete yo nan mitan tèks la pou yo ka fè dokiman an pi aksesib.

## **REZIME**

Lwa sou edikasyon eta Nouyòk (New York State Education, NYSED) otorize Chanselye Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) pou nome sipèentandan kominotè yo. Regleman sa a fikse kalifikasyon akademik ak jesyon ak administrasyon ak kritè dosye pèfòmans pou pòs sipèentandan distri lekòl kominotè. Li bay tou pwosesis pou nome yon sipèentandan kominotè.

### **I. ELIJIBLITE**

Sipèentandan kominotè yo dwe posede yon sètifika lidè distri lekòl Eta Nouyòk oswa yon sètifika ekivalan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk bay.

Anplis, kandida yo dwe satisfè kalifikasyon akademik ak jesyonè sa yo ak kritè dosye pèfòmans yo.

#### **A. Kalifikasyon akademik**

- omwen sèt ane eksperyans pedagogik avan jan yo defini l nan CR C-30, anplis twa ane siksè omwen kòm direktè lekòl leta oswa prive; sof si kandida a t ap sèvi kòm sipèentandan DOE nan dat 22 out 2014 oswa anvan;
- prèw ki montre se yon lidè akademik respekte, ki gen gwo kapasite ak anpil eksperyans, ki konprann ak sipòte bezwen akademik elèv k ap aprann lang anglè( English Language Learners, *ELL*) nan tout etap aprantisaj anglè, elèv edikasyon espesyal ak elèv douwe ki gen talan(*Gifted and Talented, G&T*);
- dosye ki montre siksè nan amelyore rezilta pou tout elèv ak fòmasyon lidèchip jan Evalyasyon Kalite ak/oswa fakt è elèv yo mezire l la;
- montre angajman pou priz desizyon ki baze sou done, ansèyman ki fè diferans ak aprantisaj adilt anpèmanans kòm lidè nan rezilta elèv ki amelyore;
- konsantre sou eleman esansyèl edikasyon: entèseksyon kontni an, pwofesè a ak elèv la;
- montre angajman pou edikasyon atistik ak devlope talan elèv; epi
- konpreyansyon sofistike ak kapasite pou aplike teyori ak metòd efikas pou:
  - ◆ aprantisaj elèv, pwogrè ak devlopman;
  - ◆ fòmasyon pwofesyonèl pou tout elektè yo;
  - ◆ teknoloji akademik kòm yon pati metòd pou salklas la;
  - ◆ estrateji ansèyman ki fè diferans, espesyalman pou elèv ki gen gwo bezwen;
  - ◆ evalyasyon pou fè fòmasyon kòm yon baz pou amelyorasyon lekòl anpèmanans;
  - ◆ evalyasyon ki baze sou evedans; metòd pou rapèl ak sipò yo vize pou estaf.

#### **B. Kalifikasyon administratif ak jesyonè**

1. angajman ki pwouve ak kapasite pou mete paran ak kominote lekòl la nan desizyon konsènan aprantisaj elèv ki amelyore;
2. kapasite ki pwouve pou entegre tout manm kominote lekòl la; ak
3. eksperyans nan fòm pwofesè ak lidè lekòl.

C. Kalifikasyon pwofesyonèl pèsònèl

Prèv :

- gwo nòm etik, onètete ak entegrite nan zafè pwofesyonèl;
- kapasite pou travay byen ak estaf la ak kominote lekòl la;
- kapasite òganizasyon solid ak kapasite pou kominike avèk efikasite, ni aloral ni alekri;
- lidèchip akademik ak kapasite pou motive ak enspire elèv, paran, estaf ak kominote lekòl la;
- kapasite pou rezoud konfli, jere sitiyoasyon dispit epi fè tout elektè antann yo pou rive atenn objektif komen;
- kapasite pou travay ak direktè kòm asosye pou devlope ak akselere kapasite lidèchip akademik yo atravè sipò ki fè diferans pou lekòl ki gen difikilte yo;
- kapasite pou bay sipò pou direktè yo jwenn sèvis nan men depatman biwo santral akademik ak fonksyonman pou lekòl ki gen difikilte yo;
- kapasite pou kominike ak patnè enpòtan kominote a epi travay avèk yo;
- kapasite pou kominote a ka wè w apwoche w epi patisipe nan aktivite k ap fèt nan kominote a.

D. Kritè dosye pèfòmans

Tout aplikan pou sipèentandan kominotè ta dwe montre nan pòs yo te gen avan ak kounye a yo toujou fè pwogrè nan bay satisfaksyon onivo efikasite edikasyon, administrasyon ak jesyon. Yo ta dwe bay prèv yon modèl devlopman nan akonplisman elèv.

**II. PWOSIS APLIKASYON**

Y ap afiche pòs vid pou sipèentandan kominotè yo nan sit wèb Depatman Edikasyon *Department of Education*(DOE). Ou dwe ranpli aplikasyon yo afiche yo sou entènèt. Kòm yon pati nan pwosis aplikasyon an, y ap mande aplikan yo soumèt disètasyon sou sijè enpòtan yo presize nan aplikasyon an, ak lèt rekòmandasyon.

**III. EVALYASYON KANDIDA**

Reprezantan Chanselye a pral revize aplikasyon yo epi l ap fè entèvyou ak kandida ki kalifye yo pami sa yo ki aplike apati repons yo jwenn sou anons ki fèt nan sit wèb la.

**IV. CHITA PALE AVÈK PARAN AK ESTAF**

Aprè yo fin fè entèvyou ak kandida yo, reprezantan Chanselye a pral detèmine kandida

final yo pwopoze a oswa kandida pou sipèentandan kominotè yo epi y ap asire l chita pale yo fèt ak Konsèy Edikasyon pou kominote( Community Education Council, CEC) distri a ak konsèy Prezidan (Presidents' Council, PC) distri a ansanm avèk yon reprezantan UFT, yon reprezantan CSA ak yon reprezantan reprezantan DC 37. Chita pale sa a ap gen ladan yon reyinyon kote konsèy yo ak reprezantan anplwaye ki pi wo yo ap gen opòtinite pou rankontre ak pale avèk kandida final yo pwopoze a epi bay opinyon yo pou Chanselye a. Reprezantan Chanselye an dwe konsidere kòmantè sa yo anvan yo rekòmande yon kandida pou sipèentandan kominote a bay Chanselye a.

**V. CHWA AK NOMINASYON**

Aprè chita pale a ak konsiderasyon kòmantè ki soti nan konsèy yo ak reprezantan anplwaye yo ki tabli nan Seksyon IV, reprezantan Chanselye a pral rekòmande yon kandida pou sipèentandan kominotè bay Chanselye a. Si Chanselye a aksepte rekòmandasyon an, l ap nome sipèentandan kominotè a epi l ap asire l yo enfòmè CEC la, PC a ak reprezantan sendika yo site pi wo a sou nominasyon an. Si Chanselye a rejte rekòmandasyon an, reprezantan Chanselye a dwe pwopoze yon lòt kandida dapre pwosedi yo fikse nan seksyon III ak IV ki pi wo a.

**VI. DEZIYASYON SIPÈENTANDAN PA ENTERIM**

Chak distri lekòl kominotè dwe gen yon moun ki kalifye k ap sèvi kòm sipèentandan toutan. Si pa gen yon sipèentandan ki nome kòm sadwa(paegzanp demisyon, pansyon), Chanselye a ap nome yon sipèentandan pa enterim. Chanselye a pral asire l CEC a, PC a ak reprezantan UFT, CSA, ak DC 37 okouran nominasyon. Sipèentandan pa enterim lan dwe satisfè kondisyon pou sètifika Eta Nouyòk yo, sa vle di li dwe gen yon sètifika lidè distri lekòl Eta Nouyòk.

**VII. EKSEPSYON (WAIVER)**

Sipèentandan kominotè yo ap travay pou Chanselye. Yo ka revoke yo avèk avi ou san avi, avèk rezon oswa san rezon epi yo pa gen dwa pou gen yon odisyon sou revokasyon an ni avan ni apre. Kòm yon kondisyon pou nominasyon, yo mande sipèentandan kominotè yo pou siyen yon renonsyasyon sou tout dwa lwa sou edikasyon bay pou di ke yo renonse a dwa sa yo volontèman.

**VIII. SIPÈVIZYON**

reprezantan Chanselye a pral sipèvize aplikasyon regleman sa a.

**IX. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo premye Asistan Chanselye (Office of the First Deputy Chancellor)

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street - Room 208

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-6815

Faks: 212-374-5901

